

Jete Chausèt

**YOUNG
MATHEMATICIANS**

Jwè 2+

Laj 3-8

10 min

OBJEKTIF

Pou jwenn kombinezon nimewo ki bay total 5 lè w konte konbyen objè ki tonbe andedan ak deyò yon panyen.

MATERYÈL

Panyen lesiv, wo won (hula hoop), bokit, bwat soulye, oswa nenpòt lòt resipyen

5 pè chosèt (woule an boul)
oswa moso papye woule an boul



VOKABILÈ

Andedan, deyò

Ansanm

Plis, mwens

Plis pase, mwens ke pase

KESYON

Konbyen pè chosèt ki genyen an total?

Konbyen pè chosèt ki andedan/deyò panyen lesiv la?

Eske gen plis pè chosèt andedan oswa deyò panyen lesiv la? Ki jan ou fe konnen? Konbyen ki gen anblis?

Kisa ou remake sou kombinezon ki bay 5?

KÒMAN POU JWE

1. Mete yon panyen lesiv yon distans lwen kote ou pral kanpe.

2. Eseye jete chak pè chosèt (woule an boul) nan panyen an. Asire w ou jete tout 5 pè yo.

3. Remake epi kenbe kont konbyen pè chosèt ki andedan panyen lesiv la epi konbyen pè ki deyò panyen an. Poze kesyon tankou:

“Konbyen pè chosèt ki andedan panyen lesiv la?”

“Konbyen pè chosèt ki deyò panyen lesiv la?”

“Konbyen pè chosèt ki genyen an total?”

Èske nou genyen menm kantite objè andedan ak deyò panyen an? Si se pa sa, ki jan nou ta ka fè pou nou genyen menm kantite?”

4. Ou ka tou poze kesyon konparezon tankou:

“Èske kantite chosèt ki andedan panyen lesiv la plis oswa mwens pase kantite ki deyò?”

5. Jwe ankò. Ou ka chanje kantite chosèt ou jete oswa kontinye ak 5.

KONSEY POU JWE

- Ou ka itilize lòt materyèl olye de chosèt, tankou ti lnounous ous yo, moso papye woule an boul, ponpon, elatriye.
- Pou fè jwèt la pi difisil pou timoun ki pi gran, ou ka bay chak objè ou jete yon valè diferan. Pa egzanp, objè gran frè ak gran sè yo ka vo 2 oswa 3 pwen, pandan objè ti frè ak ti sè yo vo 1 pwen.
- Pou ajoute plis defi, ogmante kantite objè yo: 6, 7, 8, 9, 10, elatriye. Lè ou konte pwen ou yo, ou ap pratike adisyon ak nimewo diferan.
- Ou ka varye distans panyen lesiv la oswa fè panyen an pi piti oswa pi gwo pou rann jwèt la pi fasil oswa pi difisil.
- Pote jwèt la deyò. Ranmase kèk ti wòch ak yon baton long epi wè konbyen ki tonbe sou bò batonou an epi konbyen ki tonbe sou bò kipi lwen an.

- Pou plis jwèt ki ede timoun pratike adisyon debaz, al gade jwèt nou yo *Fè 5 ak Fè 5 ak Dwèt yo*.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Jwèt sa a bay timoun opòtinite pou yo pratike konte, kadinalite, konbinezon nimewo, ak konparezon ant nimewo.

Konte: Timoun yo gen chans konte pè chosèt yo nan plizyè konbinezon – sa yo ki andedan panyen lesiv la, sa yo ki deyò, ak tout ansanm.

Kadinalite: Lè yo konte, timoun yo aprann ke dènye nimewo yo konte a reprezante kantite total nan gwoup la (sa se kadinalite).

Konbinezon Nimewo: Timoun yo aprann konbinezon nimewo ki bay 5.

Konparezon Nimewo: Timoun yo gen chans konpare kantite pou wè kilès ki plis oswa mwens.

Si ou vle, ou ka kenbe kont chak wonn itilize youn nan tablo ki anba yo – swa ak chif oswa ak ti baton (tally marks).

Andedan	Deyò
3	2
1	4
5	0

Andedan	Deyò

OSWA

- Fokis ede w pale sou tout konbinezon nimewo ki bay 5. Ou ka mande: “Konbyen fason diferan nou ka fè 5?”


Ou ka osi konpare rezulta pou chak pati nan jwèt la. Remake tandans nan done yo: Èske nou ap vin pi bon nan mete chosèt andedan panyen lesiv la pandan nou ap jwe?

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

Nimewo: Operasyon

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlajan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Jete Chausèt*.



www.ym.edc.org

© EDC 2024

